

# Sant Operasyon Eta Ijans pou sipòte demann kote inondasyon afekte yo

St. PAUL — Lè pwopriyete oswa kay yo an danje oswa detwi, jan sa te ye semèn pase a, premye sekouris ak volontè yo travay san kanpe pou pwoteje kominote yo.

Sepandan lè genyen separasyon ant sa gouvènman lokal ka ofri pandan yon ijans oswa dezas deklare, konte yo kapab mande asistans nan men eta a.

Direktè Adjwen, Depatman Pwoteksyon Piblik ak Sekirite Enteryè ak divizyon Jesyon Ijans (HSEM), Kevin Reed te di "Nou konnen jan premye sekouris ak lidè kominote yo travay di pandan yon ijans," Travay nou nan SEOC se travay ak lidè sa yo pou ofri asistans nan eta a kote ki gen bezwen."

HSEM ap reponn ak demann sa yo pou ede nan Sant Operasyon Eta Ijans (SEOC) ak patnè li yo:

- Depatman Agrikilti Minnesota
- Depatman Transpò Minnesota (MnDOT)
- Depatman Resous Natirèl Minnesota
- Depatman Sante Minnesota
- Ajans Kontwòl Polisyon Minnesota
- Depatman Koreksyon Minnesota
- Gad Nasyonal Minnesota
- Depatman Pwoteksyon Piblik Minnesota (DPS) divizyon Kapitèn Ponpye Eta (SFM) a
- Kò Enjenyè Militè Etazini (U.S. Army Corps of Engineers, USACE)

Komisè DPS, Bob Jacobson te di "Nou te pase plizyè jou ap obsève dezas rezidan nou yo ak biznis yo ap andire." "Nan tèmman anpil ka sa parèt enkwayab. Nou pa kapab chanje sa, men nou kapab rete prezan pou sila yo lapli ak inondasyon sa yo te afekte. Se pa yon solisyon koutèm sa ye. Nou la pou lontèm. Pou nou kapab yon zepòl, pou nou kapab yon resous epi pou nou la pandan ak apre rekiperasyon an."

Pèsonèl SEOC a te kowòdone nan fason rapwoche ak jiridiksyon lokal ak jesyonè inans lokal yo pandan semèn sa a pou ofri resous annapre yo pou kominote nan eta a inondasyon te afekte:

- Ekip Jesyon Ensidan Tout Danje Minnesota, yon gwoup sekouris ijans preidantifye atravè eta a, k ap asiste Konte Jackson ak jesyon ensidan.
- USACE te bay 175,000 sak sab ak plizyè ponp dlo pou pwoteje enfrastrikti enpòtan ki nan Konte Rice, Le Sueur, Jackson, Rock, St. Louis ak Blue Earth.
- Gouvènè Tim Walz te mobilize Gad Nasyonal Minnesota, ak 44 sòlda k ap asiste Konte Jackson ak operasyon ponp dlo a.
- Gwoup Aktif nan Dezas Òganizasyon Volontè Minnesota a te etabliabri nan Cook ak Faribault, asistans pou ranmase debri ak yon liy sipò 211 pou konekte manm kominote yo ak resous volontè yo.
- Depatman Koreksyon an te bay 75 moun ki nan prizon nan Etablisman Koreksyonèl Faribault pou ede mete sab nan sak.
- SFM te kowòdone senk ponpye ki soti Luverne ak Minneapolis pou asiste Depatman Ponpye Jackson ak de bato ki rete annatant pou bay sekou rapid ak moun ki nan dlo.
- USACE ak MnDOT ap travay ak gouvènman lokal yo sou sondaj ak evalyasyon estrikti enpòtan yo, sa ki genyen ladann modelaj inondasyon

- DPS te travay ak [TPT NOW](#) pou distribye enfòmasyon pwoteksyon nan plizyè lang.

Eta a te travay tou nan fason rapwoche ak patnè Ajans Jesyon Ijans Federal, ki te sou plas pandan tout semèn nan. Resous jesyon enpòtan sa a pèmèt eta a pi byen reponn ak demann aktyèl ak petèt demann ki gen pou vini pou konte sa yo inondasyon an te afekte.